



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 26 MILYON DOLA RENOVASYON PAK ETA RIVERBANK DENNY FARRELL LA

Amelyorasyon yo prevwa pou pis kous, sant atistik, ak vestyè nan pak ki pi vizite nan Vil New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman 26 milyon dola nan Pak Eta Riverbank Denny Farrell (Denny Farrell Riverbank State Park) la nan Harlem. Investisman an gen ladan renovasyon enstalasyon vestyè ki gen 30 ane, amelyorasyon nan pis kous eksteryè a ak sant atistik pou pèfòmans lan.

"Kominote Harlem lan merite aksè ak espas vèt, enstalasyon espò ki pi wo yo, ak opòtinite lwazi epi jodi a n ap ofri jis sa nan Pak Eta ki pi vizite nan Vil la, ki se Pak Eta Riverbank Denny Farrell la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè investisman 26 milyon dola sa a, nou pral amelyore ak modènize youn nan kote ki pi inik nan sistèm pak eta a epi kòmanse travay ki nesèsè anpil pou retabli pak la kòm yon sant espòtif, lwazi ak edikasyon anviwònmantal."

Akòz laj ak anpil itilizasyon plizyè milyon vizitè chak ane, pak la bezwen yon renovasyon konplè. Pwojè amelyorasyon kapital nan pak la pral genyen:

- Renovasyon enstalasyon vestyè ki gen 30 ane a nan alafwa sant atletik ak sant akwatik yo. Pwojè 19 milyon dola a pral kòmanse ak renovasyon vestyè atletik apati mwa janvyè 2023, l ap fini nan prentan 2023; renovasyon vestyè akwatik la pral kòmanse nan prentan 2023 epi li pral fini nan sezon prentan 2024.
- Refè sifas pis deyò a epi ranplase teren gazon an - yon pwojè 5 milyon dola ki ta dwe kòmanse an fevriye 2023 epi fini nan mwa jen 2023.
- Enstale yon nouvo sistèm chofaj, vantilasyon, ak èkondisyone pou sant atistik pèfòmans pak la pandan tout ane a. Pwojè 500,000 dola pral kòmanse nan mwa fevriye 2023 epi fini nan mwa jen 2023.

Nan kòmansman ane sa a, Pak Eta te enstale yon nouvo tou ekleraj ki koute 1.5 milyon dola pou eklere pis kous eksteryè pou aktivite ak evènman aswè yo. Anplis de sa, yo te renove jaden kominotè a pou li enkli nouvo platbann ki elaji ak elve, amelyorasyon ki aksesib ak ADA, ak drenaj ak rezèv dlo amelyore.

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Pak Eta Riverbank Denny Farrell la enpòtan anpil pou kalite lavi nan West Harlem. Gras a sipò Gouvènè Hochul, renovasyon sa yo pral ede revitalize enstalasyon piblik ak lwazi ki enpòtan anpil yo pou anpil vizitè pak la ka pi byen jwi tout sa li gen pou l ofri."

Senatè Eta Robert Jackson te deklare, "Nou akeyi gwo nouvèl investisman Gouvènè Hochul te atribye pou revitalize Pak Eta Riverbank Denny Farrell la, youn nan pak bòdmè ki pi espektakilè nan Manhattan ak youn nan pak ke mwen fyè pou m reprezante nan Sena Eta a. Avèk desizyon sa a, Eta a onore wòl enpòtan ke pak eta yo ak espas ouvri yo jwe nan kalite lavi nan katye yo tankou West Harlem. Mwen pa ka tann pou mwen wè elektè mwen yo benefisye renovasyon ki pral ogmante sèvis piblik ak anbelisman pak eta sa a ki byen pote non li."

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Pak eta nou yo bay yon pakèt avantaj pou kominote yo atravè Eta New York. Pandan pandemi an, pak nou yo te vin refij nou, ki bay yon kote ki an sekirite pou fè egzèsis, lwazi, ak plezi. Investisman ak amelyorasyon ki nesèsè nan Pak Eta Riverbank Denny Farrell la pral asire ke nou ka konekte plis moun menm ak pak nou renmen anpil yo. Rèsiman sensè mwen ale jwenn Gouvènè Kathy Hochul ak Pak Eta New York yo paske yo te rann renovasyon enpòtan sa yo posib."

Manm Asanble Al Taylor te deklare, "Pandan prèske twa deseni, Pak Eta Riverbank Denny Farrell la te sèvi kòm yon flanbo pou byennèt, atizay, ak inite kominotè nan Harlem ak Washington Heights e mwen kontan dèske li jwenn finansman li bezwen pou kontinye ofri espas vèt, enstalasyon klas mondyal, ak resous edikatif pou piblik la. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w te onore menm non predesesè mwen an epi paske w te investi nan Pak Eta Vil New York ke yo pi vizite a. Atravè modènizasyon ak investisman sa yo, Pak Eta Riverbank Denny Farrell la pral kontinye rete yon sant lwazi ak kiltirèl nan kominote nou an pandan plizyè ane k ap vini yo."

Manm Asanble Danny O'Donnell, te deklare, "Kèlkeswa pou jwèt, rasanbleman, piknik, oswa panorama pitoresk, Pak Eta Riverbank Denny Farrell la rete youn nan pak ki pi popilè pou anpil rezidan New York yo - e pou yon bon rezon! Men popilaeite li lakoz gwo itilizasyon nan enstalasyon pak yo, epi li klè ke moman pou gen kèk renovasyon ak amelyorasyon. Mwen kontan anpil pou investisman sa a - ki pral ede plizyè milyon rezidan - e mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Kulleseid pou patenarya yo nan leve ak amelyore Pak Eta ki gen anpil valè nou yo pou asire espas piblik la rete aksesib pou tout moun."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Mwen kontan dèske Pak Eta Riverbank Denny Farrell la ap resevwa yon investisman k ap pote transfòmasyon konsa, ki refilete valè li pou plizyè milyon vizitè chak ane k ap vini pou evènman espòtif, pèfòmans atistik, ak detant bò litoral la. Espas lib ak pak tankou Riverbank entegral nan kominote ki an sante. Amelyorasyon sa yo ki nesèsè anpil yo pral ede kenbe West Harlem ak tout kominote nan nò vil la konekte ak yon espas vèt vital."

Manm Konsèy Vil New York la, Shaun Abreu te deklare, "Pak Eta Riverbank Denny Farrell la se yon eleman esansyèl nan kominote West Harlem la epi Nouyòkè yo nan tout vil la renmen li anpil pou bèl panorama bò litoral li yo ak peyizaj pitorèsk li yo. Envestisman jenere Gouvènè Hochul sa a pral kontribiye fason konsiderab nan asire ke pak sa a ke yo byen renmen an kontinye bay yon sans apatenans ak lwazi ki nesèsè anpil pou fanmi lokal yo."

Pak Eta Riverbank Denny Farrell la ap sèvi kòm sant lwazi ak kiltirèl West Harlem pandan prèske 30 ane. Pak la akeyi plis pase twa milyon moun chak ane, sa ki klase li pami pak eta ki pi vizite nan Eta New York. Li sèvi kòm yon resous kominotè pou yon zòn ki te koupe yon fwa ak Rivyè Hudson lan. Bay yon resous lwazi pou kat sezon pou yon kominote ki tradisyonèlman defavorize, Pak Eta Riverbank DF la yon pilye nan kominote West Harlem la.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78.4 milyon moun te vizite an 2021. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele [518-474-0456](tel:518-474-0456) oswa vizite parks.ny.gov, koneke sou [Facebook](https://www.facebook.com/nyprh), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nyprh).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418